



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 26 oktòb 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE PREMYE REZÈV GAZOLIN ESTRATEJIK POU EVITE MANKMAN NAN KANTITE PANDAN IJANS YO**

***Pwogram Fuel NY Pral Kreye Estrateji Pwoteksyon Enfrastrikti Konbistib 21<sup>yèm</sup> Syèk pou Eta New York***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse premye Rezèv Gazolin Estratejik nasyon an ki baze nan eta a pou evite mankman kantite pidevan pandan evènman move tan ak ijans, kòm pwochen etap nan pwogram Fuel NY Eta New York. Yo prevwa rezèv la, k ap sèvi kòm pwogram pilòt eta a, pral kenbe 3 milyon galon konbistib pou chofè yo ak premye sekouris yo nan Long Island.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Eta New York se premye eta nan nasyon an avèk kreyasyon premye Rezèv Gazolin Estratejik nou ki pral evite anpil jou liy long nan estasyon gaz yo si yon lòt ouragan frape. Mankman nan kantite gazolin pandan Sipè-Ouragan Sandy te lakòz gwo deranjman nan woutin chak jou Nouyòkè yo ki te bezwen ale lekòl ak nan travay ak operasyon biznis yo pandan yon moman ki te deja difisil. Fuel NY pral fè enfrastrikti enèji nou an vin pi fò ak pi byen prepare pase jan li te ye anvan.”

Avèk anons lan nan Diskou 2013 li sou Sitiyasyon Eta a, Gouvènè a te lanse pwogram Fuel NY nan mwa jwen kòm yon repons dirèk pou deranjman nan gazolin ki te genyen apre Sipè-Ouragan Sandy. De nan pi gwo defi pou gazolin pandan Sandy se te pèt enèji nan anpil estasyon gaz – sa ki te fè li pa posib pou ponpe gaz – ak yon mankman nan kantite gaz nan estasyon gaz yo.

Rezèv Gazolin Estratejik la pral itilize kapasite Northville Industries posede nan Long Island. Avèk apeprè 3 milyon galon konbistib, pwogram pilòt \$10 milyon dola a pral ede elimine yon mankman nan kantite pidevan sizoka yo deklare yon ijans, tankou Sipè-Ouragan Sandy. Jan yo detèmine sa nan sitiyasyon ijans pou konbistib, y ap bay gazolin nan rezèv la pou satisfè bezwen konbistib pandan endistri a ap retounen nan aktivite li apre yon deranjman nan operasyon woutin yo. Menmsi yo te deziyen rezèv la kòm yon pilòt pou Long Island, yo kapab fè livrezon rezèv sa a ba lòt pati eta a, jan li nesèsè. Nan tout senaryo ijans yo, yo pral sèlman itilize rezèv la kòm yon sipleman pou livrezon sou mache a, pou yo kapab konsève nivo konvnan konbistib yo pandan yon sekou nan ijans. Yo te fè chwa Northville nan yon demann konpetitif epi li bezwen apwobasyon fòmèl pou kontra.

Haitian Creole

John B. Rhodes, Prezidan ak Direktè Jeneral, NYSERDA, di konsa, “Kalite dirijan Gouvènè Cuomo montre nan kreye pwogram Fuel NY se yon kokennchenn etap pou Eta a nan ranfòse ak jwenn enfrastrikti enèji kont fiti ouragan yo. Pwogram Fuel NY montre angajman ak investisman Eta a pou asire sèvis enpòtan Nouyòkè yo depann pou satisfè bezwen chak nou sispann pandan evènman move tan.”

Gene M. Bernstein, Prezidan Northville Industries, di konsa, “Northville Industries espere travay avèk Eta a nan opere premye Rezèv Gazolin Estratejik ki baze nan eta a. Nou bat bravo pou apwòch jeneral Gouvènè Cuomo sou Fuel NY pandan l ap ede bay rezèv konbistib enpòtan pandan fiti ijans yo.”

Kevin Beyer, Prezidan Long Island Gasoline Retailers Association, di konsa, “Nou ta renmen bat bravo pou efò gouvènè a poutèt li pran yon apwòch ki gen plizyè nivo pou ouragan ak ijans ki pa prevwa yo. Lè yo mete anplas yon rezèv konbistib nan Long Island sa ap ede soulaje estrès nan rezèv konbistib nan yon moman kriz. Sa ap kenbe estasyon yo apwovizyone avèk kabiran epitou sa ap ede soulaje enkyetid piblik k ap fè deplasman an.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418